

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1. Kasang Tukang Masalah

Dina hakekatna, manusa mangrupa mahluk sosial hartina, teu bisa hirup sorangan, tapi mibutuh jalma séjén pikeun hirup. Ku kituna, manusa hirup dina hiji kelompok nu disebut masarakat. Dina kahirupan masarakat bakal muncul kabiasaan-kabiasaan dumasar kana akal budi nu dipiboga ku manusa. Saterusna, ieu kabiasaan téh disebut kabudayaan. Hal ieu luyu jeung wangenan kabudayaan numutkeun Ki Hajar Dewantara (dina Wahyuni, 2004:119) “Kebudayaan merupakan buah budi manusia dalam hidup bermasyarakat.” Dina hirup kumbuh di masarakat, tangtuna waé manusa butuh pikeun komunikasi. Ku kituna, manusa nyiptakeun sarana-sarana pikeun komunikasi/gaul jeung sasamana. Salah sahiji sarana pikeun komunikasi/gaul dina masarakat nya éta lambang-lambang salaku hasil kabudayaan. Wangun lambang-lambang téh aya nu basajan aya nu kompleks, salah sahijina mangrupa kaulinan

“Dina lambang nu miboga wangun kaulinan nu hirup di kalangan masarakat salian ti miboga fungsi pikeun sarana komunikasi, ogé miboga fungsi pikeun sarana hiburan, pendidikan, olah raga, jeung perlombaan, (Depdikbud, 1982 : 3). Ku sabab ayana fungsi hiburan, kaulinan biasana jadi milik masarakat. Ku kituna, teu anéh lamun hiji kaulinan bisa miboga *vérsi* anu béda-béda di unggal daérah. Perkara ieu nunjukeun budaya anu dinamis sabab terus robah dumasar kana kaayaan tur kahayang masarakatna.

Kulinan Tradisional Sunda mangrupa salah sahiji ciri khas kabeungharan budaya Sunda. Nu ngaranna kabeungharan, raket pisan patalina jeung harga diri hiji bangsa atawa sélér bangsa.

Upama salah sahiji ciri khas hiji sélér bangsa leungit, sarua jeung ngurangan kabeungharan atawa harga diri éta sélér bangsa.

Kegiatan ulin dina diri barudak saenyana lain hiji kegiatan anu euweuh gunana atawa paripolah teu pararuguh. Hal ieu mangrupa binih/bibit pikeun tumuwuhna katerampilan, karancagéan, kalincahan, jeung paripolah séjénna anu ngarojong kana prosés mekarna jiwa, ahlak, tur moral barudak. Intina, sagala sikep jiwa jeung gerak pisik pikeun mangsa nu bakal datang lolobana ditangtukeun ku aktivitas/kegiatan ulin keur leutik.

“Ti jaman baheula, kaulinan tradisional barudak lolobana miboga ajén-ajén nu hadé/positip pikeun tumuwuhna rohani jeung jasmani tur mupuk kamekaran sosial barudak”, (Depdikbud, 1982 :2). Kaulinan-kaulinan tradisional barudak jaman baheula umumna dimaénkeun ku cara babarengan/lobaan. Ku kituna, bisa dipaké sarana pikeun ayana interaksi sosial. Dumasar kana hal ieu, Mahmud (1988:43) nétélakeun yén *ajén kaulinan kelompok dina wangunna, salian ti salaku media pikeun kamahéran fisik tur sikep individual, ogé pikeun tumuwuhna sikep sosial, boh mangrupa gawé bareng, tali kakarabatan, latihan pikeun gaul, ogé sikep satia ka babaturan atawa solidaritas tur silih hormat. Sakapeung sok aya pacogregan atawa papaséaan nalika ulin, tapi nu kitu mah ngan saukur “korslet” leutik tina hiji proses hirup kumbuh pikeun waktu nu saterusna.*

Kaulinan tradisional kudu ditanjeurkeun ku lembaga-lembaga kasundaan, kaasup Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah ngaliwatan tarékah-tarékah anu tangtu. Hal ieu patali jeung mekarna élmu pangaweruh ngeunaan kabudayaan Sunda mangsa kiwari. Ku ayana aturan pikeun nanjeurkeun kabudayaan Sunda, kaulinan tradisional bisa jadi objék pikeun kapentingan élmu pangaweruh, sabab loba pisan ajén-inajén nu nyangkaruk dina kaulinan tradisional.

Kiwari, kaulinan tradisional geus kaéréd ku jaman, jarang pisan aya barudak ngarumpul babarengan ngulinkeun kaulinan tradisional, sabab loba kaulinan-kaulinan modern nu dianggap leuwih resep tibatan kaulinan tradisional. Saupama hal ieu diantepkeun, lila-lila kaulinan masarakat Sunda bakal tumpur. Hal ieu jelas mangrupa karugian pikeun masarakat Sundana sorangan. Salian ti éta, barudak ayeuna ogé geus teu nyaho ajén-inajén nu nyangkaruk dina kaulinan tradisional, padahal ajén-inajén ieu, hususna ajén sosiologis bisa jadi bekel hirup kaasup leuwih ngaraketkeun tali kakarabatan di antara barudak.

Perkara séjén nu ngabalukarkeun heureutna pangaweruh barudak ayeuna kana kaulinan tradisional teu leupas tina beuki heureutna buruan imah tur lapang-lapang nu biasa dipaké arulin ku barudak. Antukna, barudak teu bisa ngulinkeun kaulinan tradisional nu lolobana diulinkeun di buruan imah atawa di lapang. Upama teu diulinkeun, kaulinan tradisional tangtu teu bisa sumebar anu ahirna bisa tumpur.

Balukar tina tumpurna kaulinan barudak tur kagantikeun ku kaulinan modérn nu *tém*ana leuwih kana “kekerasan”, méntal jeung ahlak barudak bakal goréng. Conto *realna*, dina sababaraha waktu katukang kungsi kadéngé warta yén aya budak SD anu maot lantaran di-“smack” ku babaturanana sorangan, gara-gara sok lalajo acara “Smackdown” dina TV atawa heureuy dina “Play Station”. Hal ieu nunjukeun goréngna pangaruh kaulinan modérn pikeun barudak.

Nilik kana ieu masalah, perlu aya tarékah pikeun ngajaga kabeungharan budaya Sunda, hususna kaulinan tradisional nu jelas-jelas mangrupa media pikeun barudak mikawanoh kana lingkungan sosialna tur kumaha hirup hurip di lingkungan masarakat. Ku kituna, nu nulis ngayakeun panalungtikan anu judulna *Ajén Sosiologis Kaulinan Tradisional di Désa Sukatali Kacamatan Situraja Kabupatén Sumedang*.

## **1.2. Watesan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang, masalah anu baris ditalungtik diwatesanan sangkan bisa leuwih museur. Ku kituna, nu rék ditalungtik museur kana ngaran-ngaran kaulinan, cara ngamaénkeunana, istilah-istilah, sarta ajén sosiologis dina kaulinan tradisional nu kapaluruh tur miboga 'muatan' ajén sosiologis di wewengkon Désa Sukatali.

## **1.3. Rumusan Masalah**

Sacara umum, dumasar kana kasang tukang, rumusan masalah panalungtikan ngeunaan kaulinan tradisional dirumuskeun dina wangun patanyaan, nya éta :

1. Kaulinan tradisional naon nu aya di désa Sukatali, kacamatan Situraja?
2. Naon waé istilah-istilah nu aya dina kaulinan tradisional?
3. Ajén sosiologis naon nu aya dina kaulinan tradisional?

## **1.4. Tujuan Panalungtikan**

Tujuan nu rék dihontal dina ieu panalungtikan téh nya éta ngadéskripsikeun :

1. Kaulinan tradisional di désa Sukatali, kacamatan Situraja.
2. Istilah-istilah nu aya dina kaulinan tradisional
3. Ajén sosiologis dina kaulinan tradisional.

### **1.5. Mangpaat panalungtikan**

Panalungtikan ieu dipiharep bisa mangpaat, hususna pikeun nu nulis, pikeun masarakat, lembaga, sarta pihak-pihak séjén nu boga kapentingan kana hasil ieu panalungtikan. Mangpaat nu dipiharep di dieu, di antarana :

1. Pikeun kabudayaan, bisa ngajaga sangkan unsur-unsur kabudayaan Sunda nu mangrupa kabeungharan budaya Sunda bisa dipikanyaho ku barudak ayeuna, ku kituna bakal terus nanjeur.
2. Bisa nyangking ajén sosiologis nu nyangkaruk dina kaulinan tradisional anu saterusna jadi aya kasadaran masarakat pikeun nanjeurkeunana.
3. Ngadokuméntasikeun hasil kréatip masarakat Sunda jaman baheula.

### **1.6. Anggapan Dasar**

Nu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta :

1. Kaulinan tradisional mangrupa salah sahiji kabeungharan budaya Sunda.
2. Kaulinan tradisional sumebar sacara lisan.
3. kaulinan tradisional miboga ajén sosiologis nu bisa ditalungtik.

### **1.7. Wangenan Operasional**

#### **1. Ajén**

Hiji hal anu bisa narik ati, anu ditéangan, anu matak bisa nyenangkeun, anu dipikaresep jeung dipikahayang, intina mah ajén téh hiji hal anu hadé.

#### **2. Sosiologis**

Aspék studi sistematis ngeunaan masarakat manusa dina kajembaranana, boh dina diménsi statis atawa dinamis.

### **3. Ajén Sosiologis**

Ma'na nu miboga mangpaat pikeun kahirupan masarakat, ngeunaan tata cara hirup kumbuh dimasarakat/pakumbuhan.

### **4. Kaulinan**

Kecap dasarna nya éta 'ulin' nu hartina nyenangkeun haté ku udar-ider atawa ngalampahkeun perkara nu matak resep sorangan, sedengkeun *kaulinan* nya éta perkara nu sok dipaké ulin, kaheureuyan.

### **5. Tradisional**

Sagala hal anu diwariskeun sacara turun-tumurun ti kolot atawa karuhun.

### **6. Désa Sukatali**

Wewengkon nu aya di Kabupatén Sumedang, kacamatan Situraja, nu dijadikeun tempat/objék panalungtikan.